



**ETA MASSACHUSETTS**  
**BIWO EGZEKITIF SÈVIS SANTE AK SÈVIS IMEN YO**  
**Depatman Sèvis Developmantal yo**  
**Biwo Otis**  
**40 Broad Street, 4th Floor, Boston, MA 02109**

Septanm 2025

Chè Founisè Kominotè,

Kòm ou ka konnen sa déjà, Biwo Otis ki fè pati Depatman Sèvis Developmantal (DDS) la gen yon pwogram pou **timoun ki pa gen gwo mwayen ki gen otis** ki rele **Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis (AWP)**. Pwogram sa a sèvi timoun **ki pokò gen 10 an laj** ki ranpli kondisyon medikal ak finansye yo, san wete kondisyon ki mande yo gen, oswa gen posibilité pou yo genyen, Asirans MassHealth Nòmal. Aprezan, Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis konn sèvi anviwon 500 timoun chak ane. Pwogram nan rezèvè yon kantite plas limite (50 plas pou tout eta a) pou timoun 3 an k ap tranzisyone soti nan Entèvansyon Bonè. Tout sèvis egzansyon yo egziste timoun nan ranpli kalifikasyon finansye ak medikal Pwogram Egzansyon an pandan tout tan yo enskri ladan I. Gen anpil timoun ki kite pwogram nan chak ane, kidonk, nou pran timoun ki sou lis Demann Ouvri pou n ranplase yo.

Jodi a, n ap mande w ede nou gaye nouvèl sou **Peryòd Demann Ouvri** pou Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis. Biwo Otis la pral **aksepte novo demann aplikasyon** nan men fanmi ki enterese nan pwogram sa sèlman soti nan dat **17 oktòb 2025 rive nan 31 oktòb 2025**. Fòk aplikasyon yo gen tenb lapòs ki di paran oswa responsab timoun yo te voye l anvan **31 oktòb 2025**, oswa yo ka voye l nan imèl anvan dat sa a.

Egzansyon pou Sèvis Lakay ak Kominote sa a se yon Pwogram Medicaid fè pou bay timoun ki gen otis sèvis pandan yo rete lakay e pandan yo patisipe plènman ak fanmi yo e nan kominote yo. Pwogram sa a jwenn yon pati nan fon li nan men gouvènman federal la. Sèvis egzansyon yo se sèvis ki anplis sèvis edikasyon espesyal Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA) bay. Avèk èd Pwogram nan, chak fanmi ap oblige pran yon pwofesyonèl espesyalize pou l kreye yon Plan Sipò Konpòtman Pozitif, ki baze sou modèl terapi fanmi an chwazi, pou soutni bezwen timoun nan genyen, e y ap oblige pran yon anplwaye pou bay terapi konsantre dirèk ki ekri nan Plan an. Fanmi ki fè pati Pwogram nan ap gen opòtinte pou yo chwazi sèvis egzansyon tankou aktivite entegrasyon, fòmasyon fanmi ak repo fanmi, ki fèt pou ede timoun yo devlope nan domèn konpòtman, konpetans sosyal, ak komunikasyon.

Ansanm ak lèt sa a, w ap jwenn yon Aplikasyon Demann Ouvri pou Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis, ak yon Rezime Demann Ouvri pou Fanmi yo, an anglè. Fòmilè aplikasyon, avi fanmi, ak lòt materyèl parèy yo (nan plizyè lang\*) ap tou disponib sou sitwèb DDS nan [www.mass.gov/DDS](http://www.mass.gov/DDS) e nan sèt Sant Sipò Otis rejyonal yo (gen yon lis Sant yo sou sitwèb DDS). Anplis de sa, aplikasyon an disponib tou pou konplete si w klike sou link sa a: [Aplikasyon Demann Ouvri pou AWP 2025](#). Tanpri, pa ezite kontakte Biwo Otis nan [AutismDivision@mass.gov](mailto:AutismDivision@mass.gov) oswa Sant Sipò Otis ki nan zòn ou, si w gen nenpòt kesyon an rapò ak pwosesis aplikasyon an.

Avèk respè,

Mary Kate Haswell  
Manadjè Pwogram Egzansyon pou  
Timoun ki Gen Otis

Stephanie Coburn  
Manadjè Pwogram Egzansyon pou  
Timoun ki Gen Otis